



# Preparasyon Fanmi Ou pou Katastwòf ak Ijans

*Prepare, Planifye, Chèche Enfòmasyon*

**DAT DÈNYE CHANJMAN: 02/2014**

Sizoka gen yon katastwòf natirèl oswa yon ijans, Depatman Sante Florida (Florida Department of Health, DOH) rekòmande pou Floridyen yo pran mezi ki endike anba la yo:

## **PREPARE epi PLANIFYE**

Fè yon plan pou ijans pou fanmi ou ak pou bèt kay ou. Plan an ap gen ladan:

- Sa oumenm ak fanmi ou pral fè.
- Sa pou genyen nan men ou.
- Kote pou ale ak sa pou pote si ou dwe deplase.

Fè yon twous materyèl pou ijans ki gen ladan:

- Dlo- omwen yon galon pou chak moun pa jou.
- Manje ki bon pou sante epi ki p ap gate.
- Medikaman.
- Linèt, aparèy pou tande, aparèy medikal, twous ki gen atik pou premye swen.
- Rad ak atik pou kouche.
- Dokiman enpòtan- lis papye kay, enfòmasyon pou kontak, enfòmasyon medikal.
- Lòt atik- ijyèn pèsònèl, kle derezè, TTY avèk pil siplemantè, radyo ki fonksyone avèk pil ak flach.

Plis ti konsèy:

- Gen lajan kach nan men ou epi kite tank gaz vwati ou plen.
- Fè lòt moun yo konnen kote ou gen entansyon ale ak wout ou.
- Pran prekosyon pou sekirite ijyenik manje a, sètadi, mete tanperati frijidè ak frizè ou nan reglaj ki pi frèt yo.
- Chèche fòm idantifikasyon yo ak papye enpòtan yo.
- Si ou nan yon zòn inondasyon, revize kontra asirans pou inondasyon ou.
- Chècheabri ki nan zòn ou, tankouabri pou moun ki gen bezwen espesyal epi ki aksepte bèt kay.
- Vin abitye ou avèk resous lokal yo tankou depatman sante konte a, biwo jesyon ijans, elatriye, ak ajans federal yo tankou Lakwa-Wouj Ameriken (American Red Cross), Ajans Federal pou Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA), elatriye.

Lòt atik pou Moun ki Andikape oswa Aksè ak Bezwen Fonksyonèl:

- Make tout atik yo avèk adeziv fliyoresan, an gwo lèt oswa an lèt Bray.
- Asire ou gen atik ki espesyal pou andikap ou tankou:
  - Pyès derezè, batri oswa chajè pou ekipman ak materyèl
  - Twous reparasyon.
  - Deyanbilatè, bekiy oswa kàn.
  - Ekipman dyaliz.
  - Oksijèn.
  - Òlòj ki pale oswa ki gen Lèt Bray.
  - Kat, notifikasyon ki endike ou gen yon andikap.
  - Kominikatè elektwonik.

- Lèt ekipman ak materyèl espesyal ou bezwen.

### **TOUJOU CHÈCHE ENFÒMASYON**

- Swiv avi lokal pou alèt/moman pou deplase nan radyo, televizyon, Entènèt ak lòt sistèm avètisman.
- Deplase oswa chèche atansyon medikal vit si otorite yo mande ou pou fè sa.
- Swiv plan ijans fanmi ou.
- Pa itilize telefòn ou oswa telefòn selilè ou twòp; asire telefòn yo ak TTY byen chaje, epitou asire ou gen kèk batri siplemantè.
- Rete tann avi ofisyèl pou fè konnen lè pa gen ijans ankò.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou kreye plan ijans pou fanmi ou ak bèt kay ou, epitou pou jwenn yon kopi Gid Depatman Sante Florida pou Preparasyon pou Ijans (Florida Department of Health's Emergency Preparedness Guide), ale sou sitwèb [www.floridahealth.gov](http://www.floridahealth.gov).